



Yàlla mu màgg mi nee na: doomu Aadama moo ngi may lor day ñàññ jamono ji te man maay jamono, ci sama loxo la mbir yi nekk maa koy wēlbati guddi ak bëccëg

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: "Yàlla mu màgg mi nee na: doomu Aadama moo ngi may lor day ñàññ jamono ji te man maay jamono, ci sama loxo la mbir yi nekk maa koy wēlbati guddi ak bëccëg".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne Yàlla mu kawé dafa wax ci hadiisu Al-Xudsii: nit kiy saaga ak di ñàññ jamono ji ci bu musiba ak lu ñi sib amee moo ngi may lor di ma wàññi; ndaxte Yàlla tudd naa sellam gi moom dong mooy saytu di doxal liy xew; kon ñàññ jamono ji mooy ñàññ Yàlla mu màgg mi, te jamono ji mbindeef rekk la bu ñu tàggat, xew-xew yi di ci daw ci ndigalul Yàlla mu kawé mi.

<https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/66284>

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY

